

Byenveni nan Prestige Health Choice. Kounye a ou se manm. Se sa k fè n ap mande w ranpli fòmilè sa a. Sa pral ede nou konprann bezwen w yo ak fason nou ka ba w bonjan sipò grasa pwogram nou ak sèvis nou yo. Si w bezwen èd pou ranpli fòmilè sa a, tanpri rele ekip repons ak kontak rapid nou an nan **1-855-371-8072** epi yon reprezantan plan sante pral ede w.



KESYONÈ INISYAL POU DEPISTAJ PWOBLÈM SANTE

KOWÒDONE

Prenon: _____ Inisyal dezyèm prenon: _____ Siyati: _____

Adrès: _____

Vil: _____ Eta: _____ Kòd postal: _____

Telefòn (pi bon nimewo pou n jwenn ou): _____ Dat nesans: _____

LANG OU PITO A

Ki lang ou pi pito itilize pou **pale** sou sante w?

- | | | | | |
|-------------------------------------|----------------------------------|----------------------------------|---------------------------------|--------------------------------------|
| <input type="checkbox"/> Anglè. | <input type="checkbox"/> Somali. | <input type="checkbox"/> Panyòl. | <input type="checkbox"/> Arab. | <input type="checkbox"/> Vyetnamyen. |
| <input type="checkbox"/> Bosnyen. | <input type="checkbox"/> Ris. | <input type="checkbox"/> Fransè. | <input type="checkbox"/> Alman. | |
| <input type="checkbox"/> Lòt: _____ | | | | |

Ki lang ou pi pito itilize pou **li** enfòmasyon sou sante w?

- | | | | | |
|-------------------------------------|----------------------------------|----------------------------------|---------------------------------|--------------------------------------|
| <input type="checkbox"/> Anglè. | <input type="checkbox"/> Somali. | <input type="checkbox"/> Panyòl. | <input type="checkbox"/> Arab. | <input type="checkbox"/> Vyetnamyen. |
| <input type="checkbox"/> Bosnyen. | <input type="checkbox"/> Ris. | <input type="checkbox"/> Fransè. | <input type="checkbox"/> Alman. | |
| <input type="checkbox"/> Lòt: _____ | | | | |

GWROUP ETNIK AK RAS

Ki gwoup etnik ou?

- | | |
|--------------------------------------|---|
| <input type="checkbox"/> Ispanik. | Si w se ispanik oswa latino, nan ki peyi ou soti? _____ |
| <input type="checkbox"/> Pa ispanik. | |
| <input type="checkbox"/> Lòt: _____ | |

Ki jan w ta dekri ras ou?

- | | |
|---|--|
| <input type="checkbox"/> Amerendyen oswa natif Alaska. | <input type="checkbox"/> Nwa oswa Afwo-Ameriken. |
| <input type="checkbox"/> Moun Mwayenn Oryan oswa moun Afrid Dinò. | <input type="checkbox"/> Azyatik. |
| <input type="checkbox"/> Natif Awayi oswa moun zile Pasifik. | <input type="checkbox"/> Blan. |
| <input type="checkbox"/> Pa vle di. | <input type="checkbox"/> Lòt: _____ |

Kesyon pou Evalyasyon Risk pou Sante

Nan Prestige Health Choice (Prestige), nou konnen se pa sèlman sa ki pase kay doktè a ki aji sou sante ou. Nou ta renmen poze w detwa kesyon sou sa ou bezwen toulèjou. Baze sou repons ou bay, yon moun nan Prestige gen dwa kontakte ou pou diskite resous ki genyen nan kominote ou. Enfòmasyon sa yo prive e pwoteje, menm jan ak tout enfòmasyon sou sante ou, e tout kesyon yo opsyonèl.



1. Èske ou ka di m ki dènye klas ou te fini lekòl?
 - Mwen pa t fè lekòl segondè.
 - Mwen te fè kèk klas lekòl segondè.
 - Mwen te fini lekòl segondè.
 - Mwen te pase GED oswa ekivalan lekòl segondè.
 - Mwen te fini pwogram vokasyonèl oswa komès.
 - Mwen te fè kèk klas kolèj.
 - Mwen te fini kolèj.
 - Mwen te fè metriz oswa pi wo.
 - Mwen chwazi pa reponn kesyon sa a.

2. Li kapab difisil pou konprann lè moun kay doktè a pale avèk ou sou sante w. Èske ou janm twouble lè pou reponn oswa poze kesyon sou sante ou pandan randevou ou genyen?
 - Wi. Tanpri tcheke tout sa ki aplike:
 - Konprann enstriksyon doktè mwen an ban mwen.
 - Li enstriksyon doktè mwen an ban mwen.
 - Konprann kouman pou m pran medikaman.
 - Konprann tèm medikal.
 - Konprann rezilta laboratwa ak rezilta egzamen.
 - Lòt: _____
 - Non.
 - Mwen chwazi pa reponn kesyon sa a.

3. Pafwa li ka difisil pou w jwenn transpò pou regle zafè ou toulèjou. Eske ou te gen pwoblèm pou w jwenn woulib pou regle zafè sante ou nan kat semèn ki sot pase yo? Se kapab yon woulib pou al kay doktè oswa pou al pran medikaman ou. E pou ale nan makèt oswa nan travay? (Chwazi tout sa ki aplike).
 - Wi, mwen te gen pwoblèm pou ale kay doktè oswa al chèche medikaman mwen.
 - Wi, mwen te gen pwoblèm ale lòt kote mwen te bezwen ale.
 - Non.
 - Mwen chwazi pa reponn kesyon sa a.

4. Sa gen dwa bay estrès lè ou gen pwoblèm pou w peye bòdwo e fè tout bagay ou bezwen. Pandan ane ki sot pase a, èske ou te gen pwoblèm avèk nenpòt nan bagay sa yo:
- a. Jwenn manje pou fanmi ou regilyèman?
 - Wi. Non.
 - Mwen chwazi pa reponn kesyon sa a.
 - b. Peye pou bòdwo zafè kay (tankou chofaj oswa kouran)?
 - Wi. Non.
 - Mwen chwazi pa reponn kesyon sa a.
 - c. Jwenn rad ou menm oswa fanmi ou bezwen?
 - Wi. Non.
 - Mwen chwazi pa reponn kesyon sa a.
 - d. Jwenn swen pou timoun lè ou bezwen al nan yon randevou kay doktè?
 - Wi. Non.
 - Mwen chwazi pa reponn kesyon sa a.
 - e. Peye bòdwo telefòn ou?
 - Wi. Non.
 - Mwen chwazi pa reponn kesyon sa a.
 - f. Jwenn sa ou bezwen chak jou (tankou daypè/kouchèt, chanpou, kouvèti/lenn, ak matla)?
 - Wi. Non.
 - Mwen chwazi pa reponn kesyon sa a.
 - g. Pwoblèm avèk lòt moun?
5. Li enpòtan pou lasante pou yon moun gen kote pou l rete. Èske ou ka pale m de lojman ou jodi a?
- Mwen gen lojman.
 - Mwen gen lojman, men mwen pè pou m pa pèdi li.
 - Mwen pa gen lojman.
 - Mwen chwazi pa reponn kesyon sa a.
6. Kiyès k ap reponn sondaj sa a?
- Manm nan.
 - Paran oswa gadyen.
 - Lòt.
 - Non paran an, gadyen an oswa lòt moun nan: _____

Evalyasyon Risk pou Sante Nouvo Manm

7. Èske ou ansent?

- Wi. Non.

8. An jeneral, èske w ta di sante w:

- Ekselan.
 Bon anpil.
 Bon.
 Mwayen.
 Pa bon.

9. Èske ou menm oswa pitit ou gen maladi?

- Opresyon.
 Dyabèt.
 Ipètansyon oswa kolesteròl.
 Kriz malkadi.
 Sante konpòtmantal.
 Anemi falsifòm.
 Twoub defisit atansyon ak ipèaktivite.
 Lòt:

10. Èske ou (oswa pitit ou) gen pwoblèm pou al kay doktè oswa kay yon espesyalis?

- Wi. Non. Mwen pa gen doktè pou m al wè regilyèman.

11. Ki transpò ou (oswa pitit ou) konn itilize pou al nan randevou kay doktè oswa pou jwenn sèvis medikal?

- Mwen kondui machin.
 Taksi.
 Moun k ap pran swen m oswa yon zanmi.
 Transpò piblik.
 Anbilans.
 Pa gen okenn bon mwayen transpò.
 Lòt:

12. Èske ou (oswa pitit ou) pran medikaman?

- Wi. Non.

Evalyasyon Risk pou Sante Nouvo Manm

13. Si wi, èske ou (oswa pitit ou) bezwen èd pou jwenn medikaman sa yo?

- Wi. Non.

14. Èske ou (oswa pitit ou) sèvi ak pwodui ki gen tabak ladan yo?

- Non.
 Sigarèt oswa siga.
 Tabak san fimèn (moulen tabak, pip, sigarèt elektwonik, sigarèt vapè).

15. Èske ou (oswa pitit ou) frekante moun ki sèvi ak pwodui ki gen tabak ladan yo?

- Wi. Non.

16. Èske ou (oswa pitit ou) gen pwoblèm pou mache, benyen, mete rad oswa sèvi ak twalèt?

- Wi. Non.

17. Èske ou (oswa pitit ou) sèvi ak ekipman espesyal?

- Wi. Non.

Bay lis ekipman medikal sa yo: _____

18. Si wi, èske ou (oswa pitit ou) bezwen èd pou jwenn ekipman, founiti oswa bagay pou pran swen tèt ou nan kay la?

- Wi. Non.

19. Èske ou (oswa pitit ou) resevwa sèvis sante konpòtmantal kounye a?

- Wi. Non.

20. Èske ou (oswa pitit ou) ta renmen resevwa èd nan domèn sèvis sante konpòtmantal?

- Wi. Non.

21. Èske ou (oswa pitit ou) konn al kay dantis?

- Wi. Non.

Non dantis la: _____

22. Èske w santi maladi w (oswa maladi pitit ou) pa sou kontwòl?

- Wi. Non.

Mèsi dèske ou reponn kesyonè sante nou an! Enfòmasyon sa yo pral ede nou ba w bonjan swen. Enfòmasyon ou ban nou ap ret prive.

Tanpri voye fòmilè sa a tounen nan anvlòp ki gen tenm sou li a nan adrès:

Prestige Health Choice
P.O. Box 7181
London, KY 40742

Ou ka fakse fòmilè ki fin ranpli a bay **1-855-236-9281**.

Si w gen kesyon konsènan fòmilè sa a, tanpri rele Sèvis manm nan **1-855-355-9800**.

This information is available for free in other languages. Please contact our customer service number at **1-855-355-9800** or TTY/TDD **1-855-358-5856**, 24 hours a day, 7 days a week.

Esta información está disponible en otros idiomas de forma gratuita. Comuníquese con nuestro número de servicio al cliente al **1-855-355-9800** o TTY/TDD **1-855-358-5856**, las 24 horas del día, los 7 días de la semana.

Enfòmasyon sa a disponib gratis nan lòt lang. Tanpri rele sèvis kliyan nou annan nimewo **1-855-355-9800** oswa **1-855-358-5856** pou moun ki pa tande byen, 24 sou 24, 7 sou 7.